

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 3) métode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data, nu miboga udagan jeung mangpaat anu tangtu. Cara ilmiah hartina kagiatan panalungtikan kudu dumasar kana cicirén kaélmuan, nya éta *rasional*, *empiris*, jeung *sistematis*. *Rasional* hartina kagiatan panalungtikan kudu asup kana akal manusa. *Empiris* nya éta cara anu dilaksanakeun maké alat *indra* manusa, nepi ka jalma nu séjén bisa mikanyaho cara-cara anu dipaké dina panalungtikan. *Sistematis* hartina dina ngalaksanakeun panalungtikan kudu maké léngkah-léngkah anu tangtu jeung ngéntép seureuh.

Sedengkeun nurutkeun Sudjana (2011, kc. 52) métode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Aya sababaraha métode panalungtikan, nya éta métode historis, métode déskriptif, jeung métode eksperimental. Dina panalungtikan diperlukeun métode nu luyu jeung data nu rék ditalungtik, sangkan hasil panalungtikan bisa luyu jeung kaayaan sabenerna. Ieu panalungtikan nyoko kana panalungtikan lapangan, ku kituna métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif nu ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngagambarkeun, ngajelaskeun, ngajawab, pasualan-pasualan ngeunaan fénoména jeung kajadian kiwari sakumaha ayana, atawa analisis hubungan antara variabel dina hiji fénoména (Arifin, 2011, kc.140). Sedengkeun nu disebut pamarekan kualitatif nurutkeun Bodgan jeung Taylor (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 21), pamarekan kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif. Data déskriptif mangrupa kekecapan anu ditulis atawa sacara lisan mangrupa omongan ti jalma-jalma jeung paripolah anu bisa ditalungtik.

Dina ieu panalungtikan, métode déskriptif kualitatif dipaké pikeun ngadéskripsikeun unsur sémiotik dina upacara adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Makam Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut, sajarahna jeung prak-prakanna anu miboga harti séwang-séwangan, sangkan kaguar harti jeung tujuan diayakeunana upacara adat Ngalungsur Pusaka.

3.1 Désain Panalungtikan


Désain panalungtikan nya éta rancangan konsép, sangkan udagan dina panalungtikan bisa kahontal. Salian ti éta sangkan sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prakna panalungtikan nepi ka sakabéh patalékan bisa dijawab ku informan.

Ieu Désain dipaké pikeun ngadéskripsikeun (1) asal-usul upacara adat Ngalungsur Pusaka, (2) prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, (3) unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka, sarta (4) ngalarapkeun hasil panalungtikan upacara adat Ngalungsur Pusaka dina pangajaran maca artikel budaya kelas XII di SMA.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah nu dilaksanakeun, nya éta (1) ménta idin ka sesepuh upacara adat Ngalungsur Pusaka pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan upacara adat ngalungsurkeun pusaka, (2) nyieun jeung nyusun daptar patalékan ngeunaan upacara adat Ngalungsur Pusaka, (3) ngawawancara informan luyu jeung pedoman wawancara, (4) niténan sarta ngadokuméntasikeun prak-prakan upacara adat ngalungsurkeun pusaka, (5) obsérvasi ka kantor Désa Lebak Agung pikeun ngadeudeuilan data ngeunaan lokasi panalungtikan.

Désain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



Neng Dini Islami, 2017

*UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa dipaké dina nyangking data. Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Data ti sesepuh, kuncén, panata calagara jeung tokoh masarakat, sarta jalma nu apal kana upacara adat Ngalungsur Pusaka.
- 2) Data ti Désa Lebak Agung, pikeun nyangking data ngeunaan kaayaan lokasi upacara Ngalungsur Pusaka.

Data informan anu diasongkeun waktu lumangsungna wawancara, saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Format Data Informan

Data Informan	
Wasta	:
Jenis Kelamin	:
Yuswa	:
Alamat	:
Pakasaban	:
Kalungguhan	:

Neng Dini Islami, 2017

*UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan upacara adat Ngalungsur Pusaka, nya éta di Désa Lebak Agung, Kacamatan Karangpawitan, Kabupatén Garut, pernahna di Kampung Godog Makam. Désa Lebakagung mangrupa daérah anu loba pasawahanana, ku kaayaan saperti kitu masarakat désa Lebakagung loba anu digawé jadi tukang tani. Nurutkeun kayaan géografis, Desa Lebak Agung mangrupa padumukan nu aya dina *ketinggian* 770 mdpl, jeung suhu rata-rata 28-30° *celcius*.

Desa Lebakagung kabagi jadi tilu dusun, 31 RT jeung 11 RW. Jarak ti désa Lebakagung ka puseur pamaréntahan kacamatan Karangpawitan nya éta 8 km, sedengkeun jarak ka puseur pamaréntahan kabupatén Garut nya éta 15 km. (Data Tofografi Désa Lebakagung 2015).

Sunan Rohmat Suci atawa nu kawentar disebut Prabu Kian Santang. Salian ti éta, tujuan diayakeunna upacara adat Ngalungsur Pusaka nya éta wangun pangajén ka Prabu Kian Santang anu salila hirupna nyebarkeun sarta ngahirupkumbuhkeun ajaran Agama Islam di tatar Sunda hususna di Kampung Makam Godog.

- b. Sémiotik nya éta élmu anu maluruh sistem tanda, sagala hal anu aya patalina jeung tanda, nafsirkeun tanda-tanda, jeung cara makéna tanda, sarta éta tanda miboga harti. Dina ieu panalungtikan digunakeun sémiotik modél Peirce nu ngawengku tilu unsur nu aya dina unsur sémiotik, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol. Unsur sémiotik dina upacara adat Ngalungsur Pusaka aya dina waktu lumangsungna upacara adat Ngalungsur Pusaka, prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, jeung kalengkepan upacara Ngalungsur Pusaka, anu miboga harti séwang-séwangan.
- c. Bahan pangajaran nya éta pangrojong dina kagiatan diajar-ngajar nu aya dina SKKD basa Daérah (Sunda), nu miboga tujuan sangkan siswa bisa maham jeung nyangkem wacana nu jadi bahan pangajaranana. Ieu udagan pangajaran maca téh pikeun siswa SMA kelas XII, nya éta dina pangajaran maca artikel ngeunaan kabudayaan anu matérina tina hasil panalungtikan upacara adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Makam Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

Jadi maksud tina judul “Upacara Adat Ngalungsur Pusaka di Kampung Godog Désa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Kelas XII di SMA (Ulukan Sémiotik)”, nya éta tarékah pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka anu salila ieu can kapaluruh, sarta ngalarapkeun hasil panalungtikan dina bahan pangajaran maca artikel budaya kelas XII di SMA.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Neng Dini Islami, 2017

UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Arikunto (2002 kc. 136) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis, nepi ka datana leuwih gampang diolah. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta *handphone*, kamera *digital*, jeung pedoman wawancara.

1. *Handphone*

Handphone dipaké pikeun ngarékam prosés ngawawancara narasumber nu wanoh kana upacara adat Ngalungsur Pusaka.

2. Kamera *digital*

Kamera *digital* dipaké pikeun nhasilkeun gambar dina prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka makam Godog.

3. Pedoman wawancara

Pedoman wawancara dipaké pikeun nungtun panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara sangkan teu kaluar tina tujuan nu hayang dihontal, jeung dipaké pikeun ngawawancara sesepuh upacara adat Ngalungsur Pusaka, sarta ka sababaraha jalma nu wanoh kana ieu upacara.

Format wawancara anu diasongkeun waktu lumangsungna kagiatan wawancara, nya éta saperti ieu di handap.

Tabél 3.2

Pedoman wawancara anu disusun saperti ieu di handap.

No	Rumusan	Patalékan
(1)	(2)	(3)
1	Sajarah upacara	1. Kumaha asal-muasal upacara adat Ngalungsur Pusaka?
		2. Naon alesanana naha ieu tradisi dingaranan upacara adat Ngalungsur Pusaka?

Neng Dini Islami, 2017

**UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		3. Iraha waktu dilaksanakeuna upacara adat Ngalungsur Pusaka?
		4. Alesan dilayakeun dina bulan mulud?
		5. Saha nu mimpin upacara adat Ngalungsur Pusaka?
		6. Upama upacara adat Ngalungsur Pusaka teu diayakeun, aya mamalana atawa henteu?
		7. Naon tujuan diayakeun upacara adat Ngalungsur Pusaka?
2.	Prak-prakan upacara	8. Saacan ngalaksanakeun kagiatan, naha aya persiapan atawa kagiatan séjén?
		9. Kumaha prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka nalika saméméh lumangsung, keur lumangsung, jeung sanggeus lumangsung ?
		10. Naon fungsi atawa tujuan diayakeun upacara adat ngalungsur?
		11. Saha waé nu dibéré wewenang pikeun Ngalungsur Pusaka dina tempatna?
		12. Saha waé pihak anu ilubiung dina upacara adat Ngalungsur Pusaka?
(1)	(2)	(3)
		13. Raksukan jeung aksésoris naon waé anu dipaké ku tokoh anu ilubiung dina upacara adat Ngalungsur Pusaka?
		14. Naha kudu maké pakéan husus?
		15. Pakakas naon waé nu dipaké nalika upacara Ngalungsur Pusaka?
		16. Naon fungsi tina pakakas-pakakas nu dipaké?
		17. Di mana tempat lumangsugna upacara adat

Neng Dini Islami, 2017

**UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		Ngalungsur Pusaka?
		18. Dina kagiatan upacara adat ngalungsur, naha aya pantrangan-pantrangan nu kudu disingkahan?
3	Unsur sémiotik dina upacara adat Ngalungsur Pusaka	19. Naon waé unsur sémiotik tina upacara adat Ngalungsur Pusaka?
		20. Harti naon waé tina unggal unsur sémiotik dina upacara adat Ngalungsur Pusaka?

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Kusumah (2012, kc. 25) nétélakeun yén téhnik talaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan teoritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta upacara adat Ngalungsur Pusaka nu aya di Kampung Godog Makam Desa Lebak Agung Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut sarta dideudeulan ku buku-buku lianna anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Data anu kakumpulkeun mangrupa data anu luyu jeung tujuan anu hayang dihontal.

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik observasi, téhnik wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik observasi

Téhnik observasi nya éta hiji cara pikeun nganalisis jeung nuliskeun sacara sistematis, ngeunaan kagiatan jeung hal-hal anu dilakukeun ku individu atawa kelompok éta masarakat, ku cara niténan jeung museurkeun panitén sacara langsung (Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 21). Obsérvasi digunakeun sangkan nyangking data anu akurat ngeunaan sajarah, prak-prakan, jeung unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka, sarta ngalarapkeun hasil panalungtikan upacara adat ngalungsur dina XII di SMA.asn maca artikel budaya

Neng Dini Islami, 2017

**UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik pikeun nyangkem sumber sacara lisan ti narasumber anu nyaho kana upacara adat Ngalungsur Pusaka, ku cara méré patalékan nu geus disusun saméméhna, pikeun nyangking data nu akurat ngeunaan upacara adat Ngalungsur Pusaka, sajarahna, prak-prakana, jeung unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka.

3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nyangking data nu mangrupa tulisan, gambar (foto), *video*, jeung sora, ku cara ngagunakeun média éléktronik (*handphone* jeung *camera digital*). Éta média éléktronik digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakan sarta hal-hal nu dianggap penting dina upacara adat Ngalungsur Pusaka.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus sakabéh data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah saterusna nu kudu dilakukeun nya éta kagiatan ngolah data. Data anu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis maké téhnik déskripsi. Anu didéskripsikeunana nya éta: prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, unsur sémiotik anu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka sarta ngalarapkeunana kana bahan pangajaran basa Sunda, nya éta maca artikel budaya kelas XII di SMA.

Léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta.

- a. Ngumpulkeun data hasil talaah pustaka;
- b. Ngumpulkeun data hasil observasi;
- c. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- d. Milah-milah datasaluyu jeung indikatorna, saperti data nu nuduhkeun bagian-bagian sajarah upacara adat Ngalungsur Pusaka, prak-prakan upacara adat ngalungsur jeung unsur sémiotik dina upacara Ngalungsur Pusaka;

Neng Dini Islami, 2017

**UPACARA ADAT NGALUNGSUR PUSAKA DI KAMPUNG GODOG MAKAM DESA LEBAK AGUNG
KACAMATAN KARANGPAWITAN KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- e. Ngadéskripsikeun data anu mangrupa sajarah upacara adat Ngalungsur Pusaka, prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, jeung unsur sémiotik nu nyampak dina upacara adat Ngalungsur Pusaka;
- f. Ngalarapkeun data anu mangrupa sajarah upacara adat Ngalungsur Pusaka, prak-prakan upacara adat Ngalungsur Pusaka, jeung unsur sémiotik dina upacara adat Ngalungsur Pusaka kana bahan pangajaran maca artikel budaya kelas XII di SMA;
- g. Nyieun kacindekan tina data nu dipaluruh.